МУНИЦИПАЛЬНИ УЧРЕЖДЕНИ
«ГУЬМСАН МУНИЦИПАЛЬНИ К1ОШТАН ШКОЛАЛ ХЬАЛХАРА ДЕШАРАН УРХАЛЛА»
Муниципальни бюджетни школал хьалхара дешаран учреждени
«Гуьмсан муниципальни к1оштан Гуьмсе-г1алин
«Берийн беш № 11 «Нана»

# Мастер-класс «Нохчийн халкъан каде ловзарш»

(районерчу семинарехь дакъалацар, нохчийн меттана лерина йолчу)




Кечйинарг:
кхетош-кхиорхо
Селимбаева Х.М.


2022 шо

**1алашо:** белхан накъосташна нохчийн къоман каде ловзарийн истори, маь1на довзийтар; нохчийн халкъан каде ловзарш довзийтар; уьш берийн бешахь кхочушдаран мехалла хаийтар.

**Мастер класс д1айахьар:**

**Кхетош-кхиорхо:** Маршалла ду шуьга, сийлахь мах хадорхой, хьоме белхан накъостий! Со цхьайтталг1ачу «Нана» ц1е йолчу берийн бешара кхетош- кхиорхо йу - Селимбаева Хедижат Магамедовна. Тахана аса дуьйцар ду, нохчийн къоман каде ловзарех лаьцна.

Халкъан дахар а, культура а йуьйцучу хенахь коьртаниг санна лара дезаш ду цхьа хума: физкультура халкъан культуран цхьа аг1о йу.

Шайн йукъараллин кхиаран новкъахь нохчаша шайн, халкъан 1адаташца а, ламасташца а йог1уш йолу къоман культура кхоьллина, физически культура а чулоцуш йолу. Нохчийн къоман физически культуран коьрта декъана йукъадог1у: халкъан каде ловзарш. Оцу ловзаршкахь кхиош вара нохчаша х1инцца шен дахар долош волу жима стаг, дахарехь нислуш йолчу чолхечу киртигашна а кечвеш вара иза. Цуьнца цхьаьна 1амавора иза йукъараллехь шен меттиг хаа, воккхачуьнга ладог1а, ткъа оьшучохь-дерриг а жоьпалла шена т1елаца.

Доккха маь1на дара ловзаршкахь шена дуьхьал верг лара 1амор, мел г1орасиз и велахь а. Иштта, ловзаршкахула, д1абулуьйтура кхиазхой, бераш халкъан культурах, х1унда аьлча оцу тайпанчу ловзаршкахь шуьйра пайда оьцура тайп-тайпанчу дагардарех, аларех, эшарех, ширачу дийцарех, халкъан хазна а, орамаш а, схьадаларш а хила лаьтташ долчу.

Аса а къахьоьгу тхан берийн бешара школазхошна нохчийн къоман физически культура йовзийтарехь, ткъа къаьсттина тидам т1ебохуьйту кадечу ловзаршна. Кхочушдо тайп-тайпана нохчийн къоман каде ловзарш.

Ткъа х1инца аса кхойкху сан белхан накъостий царех цхьадолу ловзарш кхочушдан, церан маь1на даста а.

**«Хьаша ларар»**

Чувеъна хьаша ларвар –вайн къоман ворх1е дайшкара дуьйна схьадог1уш г1иллакх ду.Оцу ламастах доьзна, ловзарш а кхоллалуш хилла берашна йуккъехь.Иштточарех ду «Хьаша ларвар» ц1е йолу ловзар.

Довзийтар. Ловзар долалуш лаьттах гуо баьккхина сиз хьокху. Иза х1усам ю. Цуьнан барам ловзуш долчу берийн бараме хьаьжжина хуьлу. Кхаж а тосий, х1усамда а, хьаша а къаставо. И ший а гуона юккъе а

волу,шимма а г1ожанан цхьацца аг1о схьалоцу. Гуонна арахь болчара буьрканаш кхуьйссу, хьешана кхетийта г1ерташ. Цхьана куьйга г1аж лаьцна волчу х1усамдас, вукха куьйга и буьрканаш хьешана т1е ца кхоьтуьйтуш, йухаетта. Иштта ларво цо шен хьаша. Хьешана буьрка кхетахь, и ледарло шегара йалийтина волу х1усамда эшна лору. Т1аккха цунна ловзучара, гуо а бой, т1ехбеттамаш бо: «Хьоьга хьаша лар ца вела, хьо хьайн х1усман да вац»-бохуш.

Цара де боху цхьа х1ума кхочушдан дезаш а хуьлу эшна волу «х1усамда»: йа хелхаваьлла, йа туьйра дийцина (1-ра сурт).

**Ловзаро кхиадо**: чехкалла, каделла, геннара хьажийна х1ума нийса кхоссар а, и. д1. кх.



Сурт 1

**« Гали чу когаш а боьхкина вадар»**

Довзийтар. Ловза ши сиз хьокху- старт (вадар д1адоладо сиз ) а, финиш (вадар дерзадо сиз) а. Декъашхой д1анисло стартан сизехь. Д1абовдарна хаам ма-бинна, къийсамехь дакъалоцурш бевдда а, кхийссалуш

а, шайн ма хуьллу финише д1акхача г1ерта. Т1аккха стартан сизе юхабог1у (2-г1а сурт).

Ловзаран бакъонаш: 1.Гали ц1ена (даьтт1а доцуш) хила деза. 2)Д1а а схьа а водуш, куьг лаьттах хьакхадалийта ца магадо.

**Ловзаро кхиадо**:чехка- нуьцкъаллийн а, дег1ан меженийн боламехь вовшашца уьйр хилийтаран а хьуьнарш.



Сурт 2

**«Мушца д1атакхавар»**

Довзийтар.4-5 м беха, йуккъехь цхьа билгало йолуш болу,муш сиз т1ебуьллу.Тобанаш дуьхь-дуьхьал а йоьрзий, сизана дехьа а, сехьа а д1ах1уьтту.Х1ора тобанера цхьацца ловзархочо(мог1анан т1аьххьарниг) муш йуьхьиг цхьана куьйга лоцу. Царна 1-2 м т1ехьа лаьттахь совг1ат 1уьллу. Къийсалучара шина куьйга муш схьа а лоций, цхьана хаамца дуьхьал къийсалурш сизал сехьа шаьш долчу аг1ор баха г1ерта.Царах хьалха лаьттара совг1ат схьаэцна тоба тулу (3-г1а сурт).

**Ловзаро кхиадо**: нуьцкъаллин хьуьнарш.



Сурт 3

Нохчийн халкъан каде ловзарш кхочушдаро кхиабо школазхойн физически культуре, халкъе безам, ткъа иштта доьналлин, нуьцкъаллин хьуьнарш кхиадо, довзуьйту къоман 1адаташ, доттаг1алла ч1аг1до.